**दिन–बुधवार** **दिनांक–11.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानमंडलक दुनू सदन– विधानसभा आ विधान परिषद मे आजुक कार्यवाही सूचारू ढंग सँ चलल। विधानसभा मे ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे प्रधानमंत्री आवास योजनाक तहत राशि आवंटन कँ लऽकऽ राज्य केन्द्र सरकार सँ अनुरोध कयलक अछि। ओ जनौलनि जे सरकार स्टेट नोडल आकाउंट नहि बना सकल अछि, एहि चलते लगभग बारह लाख लाभार्थी लोकनिक राशि रूकल अछि। राष्ट्रीय लोक मोर्चाक स्नेहलाताक एक प्रश्नक उत्तर मे मंत्री श्रवण कुमार जनौलनि जे जीविका दीदी सभ कँ पहिचान पत्र निर्गत करबाक लेल विभाग कँ निर्देशित कयल जायत।

---

भोजनावकाशक बाद सदन मे वित्तीय काम–काज भेल समाज कल्याण विभागक बजट अनुदान मांग पर चर्चाक जवाब दैत विभागीय मंत्री मदन सहनी कहलनि जे आब दिव्यांग जन कँ मुख्यमंत्री उद्यमी योजनाक अंतर्गत स्वरोजगारक लेल दस लाख टाका धरिक राशि देल जायत। श्री सहनी कहलनि जे संघ लोक सेवा आयोग आ बिहार लोक सेवा आयोगक प्रारंभिक परीक्षा पास करयवला दिव्यांग अभ्यर्थी लोकनि कँ पचास हजार टाकाक प्रोत्साहन राशि देल जायत। ओ कहलनि जे सभ प्रमंडल मे पांच–पांच सय बेडवला मूक–बधिर आ नेत्रहीन विद्यालय खोलल जायत। मंत्री द्वारा राजद, कांग्रेसक शासनकाल मे नरसंहारक चर्चा करबा पर विपक्ष हंगामा शुरू कऽ देलक। बाद मे विपक्षी सदस्य सदन सँ वाकआउट कऽ गेलाह। एकरा बाद वित्त मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव विधानसभा मे विनियोग विधेयक दू हजार छब्बीस पेश कयलनि, जकरा सदन ध्वनिमत सँ पारित कऽ देलक।

---

एम्हर, विधान परिषद मे उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा एकटा प्रश्नक उत्तर मे कहलनि जे भूमि सुधार जनसंवाद मे एखन धरि छियालीस लाख आवेदन भेटल अछि। एहि मे चालीस लाख नाम, पता आ खाता संबंधित गड़बड़ी पाओल गेल अछि। ओ कहलनि जे विवादित मामिला सभ कँ राजस्व न्यायालय देखत, मुदा जाहि मामिला सभ मे विभागीय स्तर पर सुधार भऽ सकैत अछि, ओहि मे कार्रवाई कयल जा रहल अछि। एक प्रश्नक उत्तर मे प्रभारी मंत्री अशोक कुमार चौधरी कहलनि जे बिहार मे मादक पदार्थ सभक तस्करी आ उपयोगक खिलाफ केन्द्र आ राज्य सरकार संयुक्त रूप सँ अभियान चलाओत। एम्हर, आइ सदनक कार्यवाही शुरू होयबा सँ पूर्व विपक्षी दल सभ विधानमंडल परिसर मे कानून व्यवस्थाक स्थिति कँ लऽकऽ जमि कऽ हंगामा कयलक। विपक्षी सदस्य हाथ मे पोस्टर–बैनर लऽकऽ सरकारक खिलाफ नारा लगा रहल छलाह।

———————————————————————

लोकसभा सचिवालय विपक्षी सांसद लोकनिक अध्यक्ष ओम बिरला कँ हटयबाक मांगवला अविश्वास प्रस्ताव नोटिस मे किछु कमी पओलक अछि। लोकसभा सूत्रक अनुसार, अध्यक्ष ओम बिरला सचिवालय के नोटिस मे मौजूद कमी सभ कँ दूर करबा आ निर्धारित प्रक्रिया सभक अनुसार आगू कार्रवाई केर निर्देश देलनि अछि। ओ नियमक अनुसार मामिला मे त्वरित कार्रवाई केर सेहो आदेश देलनि अछि। सूत्र जनौलक जे बजट सत्रक दोसर चरणक शुरू होयबाक बाद नोटिस कँ सूचीबद्ध कयल जायत। कांग्रेस, डीएमके, समाजवादी पार्टी, राजद आ वामपंथी दल समेत विपक्षी दल सभक एक सय अठारह सदस्य लोकनि महासचिव कँ देल गेल नोटिस पर हस्ताक्षर कयलनि अछि। हालांकि, तृणमूल कांग्रेसक सांसद लोकनि नोटिस पर हस्ताक्षर नहि कयलनि। एहि मध्य, लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला नैतिक आधार पर ई निर्णय लेलनि अछि जे जा धरि विपक्ष द्वारा हुनका खिलाफ लाओल गेल अविश्वास प्रस्तावक निपटारा नहि भऽ जायत, ता धरि ओ सदनक कार्यवाही मे शामिल नहि होयताह।

———————————————————————

जदयू सांसद संजय कुमार झा आइ राज्यसभा मे दरभंगा हवाई अड्डा कँ अंतर्राष्ट्रीय हवाई अड्डाक रूप मे विकसित करबाक मुद्दा उठौलनि। ओ कहलनि जे एहि हवाई अड्डाक विकास सँ पूर्वी भारतक वैश्विक संपर्क कँ नव गति भेटत।

———————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष आ सांसद उपेन्द्र कुशवाहा केन्द्र सरकार सँ बिहार मे धान अधिप्राप्तिक समय सीमा बढ़यबाक मांग कयलनि अछि। उपभोक्ता मामिलाक केन्द्रीय मंत्री प्रह्लाद जोशी कँे पठाओल गेल पत्र मे श्री कुशवाहा फोर्टिफाइड चाउरक आपूर्ति बढ़यबाक सेहो अनुरोध कयलनि अछि।

———————————————————————————

देशभरिक सीबीएसई स्कूल सभ मे मैथिली विषयक पढ़ाइ शुरू होयत। केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड, सीबीएसई सँ प्राप्त जनतबक अनुसार नओवीं आ दसवीं कक्षा मे वैकल्पिक विषयक रूप मे मैथिली विषयक पढ़ाइ अगिला बरख सँ शुरू होयत। एहि लेल पाठ्यक्रम तैयार कयल जा रहल अछि। ध्यातव्य अछि जे प्रदेशक सरकारी विद्यालय सभ मे पहिनहि सँ मैथिली समेत आन मातृभाषा सभ मे पढ़ाइक व्यवस्था अछि।

———————————————————————————

पटना व्यवहार न्यायालय कँे बम सँ उड़यबाक धमकी केर बाद पुलिस सुरक्षा–व्यवस्था बढ़ा देलक अछि। पूरा कोर्ट परिसर कँे खाली करा कऽ तलाशी अभियान चलाओल गेल। कतहु सँ कोनो विस्फोटक नहि भेटल अछि। ध्यातव्य अछि जे अपराधी सभ ई–मेल केर माध्यम सँ एक बेर फेर परिसर मे बम विस्फोटक धमकी देलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त